

Kuronka Ubufasha Buva ku Muvugizi

Umuvugizi ninde?

Umuvugizi n'umuntu ushobora kwizera kandi ari ku ruhanda rwawe.

- barashobora kugufasha kubwira abantu ico ushaka n'ico ukeneye
- bashobora kugufasha kubwira abantu igihe ibintu bitameze neza
- bashobora kugufasha gutorera inyishu ibibazo
- bashobora kugufasha n'ibibazo ivyo arivyo vyose bijanye n'ubumuga canke uburwayi bw'umuntu

Umuntu wese ashobora kugira umuvugizi wo kumufasha.

Umuvugizi w'umuhinga aronka umushahara kugirango abe umuvugizi kubera akazi kiwe.

Umuvugizi s'umuhinga muvyamategeko (lawyer).

Hari abavugizi bakorera kuri Kin, bazogufasha gutorera inyishu ibibazo biguteye amakenga.

Kin advocacy services (Ibikorwa vyubuvugizi vya Kin) ni kubuntu.

Abavugizi ba Kin bashobora kuvugana n'ayandi mashirika mukiringo cawe nimba ushaka ko tubikora. Akarorero, turashobora gushikirana na NDIS, Centrelink, Igisata Kiraba Amazu ya Leta, amashuri, ibitaro, nibindi.

Abavugizi bazogufasha gushika ku mezi 12.

Abavugizi ba Kin bazogufasha ku bibazo ivyo arivyo vyose bijanye n'ubumuga canke ingorane z'amagara z'umuntu gusa.

Abavugizi ntabwo bari aba "case workers", ibi bisigura ko ntidushobora kugufasha ku buri kibazo ushobora kuba ufise. Mugabo, turashobora kuguhuza n'ibi bikorwa bishobora kugufasha.

Kuzindi nkuru

Raba kuri: www.kinadvocacy.org.au

Isimu: 9388 7455

